# यूहन्ना के पहिली पत्री

1 1उ सृष्टि के शुरूआत से ही रहे: हमनी के एकरा
के सुनले बानी जा, आपन आँख से देखनी, ध्यान से
निहरले, अउर एकरा के अपने अपनहीं हाथ से हमनी के
छुअले बानी जा। हमनी के ओह बचन के बारे में बता रहल
बानी, जवन जीवन हऽ। 2ओही जीवन के ज्ञान हमनी के
करावल गइल। हमनी के ओकरा के देखनी जा। हमनी
के ओकर साक्षी बानी जा, अउर अब हमनी के, तहनी
लोगन के, ओही अनंत जीवन के घोषना करि रहल बानी
जा, जवन कि पिता के साथ रहे अउर हमनी के जेकर बोध
करावल गइल। 3हमनी के ओकरा के देखले बानी जा,
अउर सुनले बानी जा। अब तहरा के भी, ओकरे उपदेश दे
रहल बानी जा, कि तूहू हमनी के साथ सहभागिता राखऽ।
हमनी के ई सहभागिता, परम पिता अउर उनकर पुत्र यीशु
मसीह के साथ बा। 4हमनी के एह बात सब के, तहरा के
एह खातिर लिख रहल बानी जा, कि हमनी के आनन्द
पूरा हो जाउ।

### परमेश्वर हमनी के पाप के माफ करेलन

5हमनी के यीशु मसीह से जवन सुसमाचार सुनले बानी जा,
उ ई बा, अउर एकरे के हमनी के तहरा सुना रहल बानी जा:
परमेश्वर प्रकाश हवन अउर उनका में तनिको अंधेरा नइखे।
6अगर हमनी के कहीं जा, कि हमनी के ओकर हिस्सेदार
बानी जा, अउर पाप के अंधेरा भरल जीवन के जिअत रहनी
जा, तऽ हमनी के झूठ बोल रहल बानी जा, अउर सच के पीछे
नइखीं जा चलत। 7बाकी अगर हमनी के अब प्रकाश में आगे
बढ़त बानी जा, काहेंकि प्रकाश में ही परमेश्वर बाड़न-तऽ
हमनी के विश्वासी के रूप में, एक दोसरा के सहभागी बानी
जा, अउर परमेश्वर के पुत्र यीशु के लहू, हमनी के सब पाप
से शुद्ध करि देबेला।
8अगर हमनी के कहत बानी जा, कि हमनी में कवनो
पाप नइखे, तऽ हमनी के अपनहीं आप के छल रहल बानी
जा, अउर हमनी में सच्चाई नइखे। 9अगर हमनी के आपन
पाप के मंजूर कर लेत बानी जा, तऽ हमनी के पाप के माफ
करे खातिर, परमेश्वर, विश्वास जोग बाड़न, अउर न्यायपूर्ण
बाड़न, अउर पूर्ण रुप से उचित बाड़न। अउर उ सब पाप
से, हमनी के शुद्ध करेलन। 10अगर हमनी के कहत बानी
जा, कि हमनी के कवनो पाप कइले नइखीं जा, तऽ हमनी
के परमेश्वर के झूठा बनावत बानी जा, अउर उनकर बचन
हमनी में नइखे।

### यीशु हमनी के मददगार हवन

2 1हमार प्यारा पुत्र-पुत्री लोग, ई सब बात हम तहनी लोग
के, एह से लिख रहल बानी, कि तू पाप मति करऽ।
बाकी अगर केहू पाप करत बा, तऽ परमेश्वर के सामने,
हमनी के पाप के बचाव करे वाला एकही बाड़न, अउर उ
हवन धरमी यीशु मसीह। 2उ एगो बलिदान हवन, जे हमनी
के पाप के हरन करेलन, ना सिर्फ हमनी के पाप के, बल्कि
पूरा संसार के पाप के।
3अगर हमनी के, परमेश्वर के आज्ञा के पालन करत बानी
जा, तऽ इहे उ राह बीया, जवना से हमनी के तय करेनी
जा, कि हमनी के सच में उनका के जान लिहले बानी जा।
4अगर केहू कहत बा कि, “हम परमेश्वर के जानत बानी!”
अउर उनकर आज्ञा के पालन नइखे करत, तऽ उ झूठा बा।
ओकरा मन में सच्चाई नइखे। 5बाकी अगर केहू, परमेश्वर
के उपदेश के पालन करत बा, तऽ ओकरा में परमेश्वर के
प्रेम, पूर्णता पा लिहले बा। इहे उ रास्ता बा, जवना से कि
हमनी के तय होखेला, कि हमनी के परमेश्वर में मौजूद बानी:
6जे ई कहेला, कि उ परमेश्वर में मौजूद बा, ओकरा यीशु के
जइसन जीवन जीये के चाहीं।

### सबसे प्रेम करऽ

7हे प्यारा मित्र लोग, हम तहरा के कवनो नया आज्ञा नइखीं
लिखत, बल्कि ई एगो सनातन आज्ञा हऽ, जवन कि तहरा के
शुरू में ही दे दिहल गइल रहे। ई पुराना आज्ञा उ सुसंदेश हऽ,
जेकरा के तू सुन चुकल बाड़ऽ। 8हम तहरा के, एगो अउर
दोसर नया आज्ञा लिख रहल बानी। एह सच्चाई के सच,
मसीह के जीवन में अउर तहरा जीवन में उजागिर भइल बा,
काहेंकि अंधेरा गायब हो रहल बा, अउर सच्चा अंजोर तऽ
चमकिये रहल बा।
9जे कहेला, कि उ अंजोर में बा, अउर तबहूँ अपना भाई
से नफरत करेला, तऽ उ अभी तक अंधेरा में ही रहत बा।
10जे अपना भाई के प्रेम करेला, उ अंजोर में रहेला। ओकरा
जीवन में अइसन कुछउ नइखे, कि जवना से केहू पाप में
मति पड़े। 11बाकी जे अपना भाई से नफरत करेला, अंधेर में
बा। उ अंधेरा से भरल जीवन जी रहल बा। उ नइखे जानत
कि, उ कहँवा जा रहल बा। काहेंकि, अंधेरा ओकरा के अंधा
बना दिहले बा।

12 हे प्यारा बच्चा लोग, हम तहरा के एह से लिख रहल

बानी, काहेंकि, यीशु मसीह के कारण, तोहार पाप
माफ कइल गइल बाड़ेसऽ।
13 हे पिता लोग, हम तहरा के एह से लिख रहल बानी,
काहेंकि तू, जे अनादि समय से स्थित बा, ओकरा के
जानत बाड़ऽ। हे नवजवान लोग, हम तहरा के एह से
लिख रहल बानी, काहेंकि, तू ओह दुष्ट पर, विजय
हासिल कर लिहले बाड़ऽ।
14 हे बच्चा लोग, हम तहरा के लिख रहल बानी,
काहेंकि तू, पिता के पहिचान लिहले बाड़ऽ। हे पिता
लोग, हम तहरा के लिख रहल बानी, काहेंकि तू,
जे सृष्टि के अनादि समय से मौजूद बा, ओकरा के
जानि गइल बाड़ऽ। हे नवजवान लोग, हम तहरा
के लिख रहल बानी, काहेंकि तू बलवान बाड़ऽ,
परमेश्वर के बचन, तहरा भीतर बास करत बा अउर
तू, ओह दुष्ट आत्मा पर, विजय पा लिहले बाड़ऽ।

15संसार के, चाहे सांसारिक चीज के प्रेम मति करत रहऽ।
अगर केहू संसार से प्रेम राखेला, तऽ ओकरा हृदय में परमेश्वर
खातिर प्रेम ना रहेला। 16काहेंकि एह संसार के हरेक चीज:
जवन कि तोहार पाप से भरल सुभाव के अपना ओर खींचेला,
तहरा आँखि के पसंद आवेले, अउर एह संसार के हरेक उ
चीज, जेकरा पर लोग अतना घमंड करेलन। परम पिता के
ओर से नइखे, बल्कि उ तऽ सांसारिक हऽ। 17ई संसार अपना
लालसा अउर इच्छा के साथ, गायब होत जा रहल बा, बाकी
उ, जे परमेश्वर के इच्छा के पालन करेला, अमर हो जाला।

## मसीह के विरोधियन के अनुसार मति चलऽ

18हे प्यारा बच्चा लोग, अंतिम समय आ गइल बा! अउर
जइसन कि तू सुनले बाड़ऽ, कि मसीह के विरोधी आ
रहल बा। एह से, अब बहुत मसीह के-विरोधी, परगट हो
गइल बाड़न। एही से हमनी के जानत बानी जा, कि अंतिम
समय आ गइल बा। 19मसीह के विरोधी, हमनी के भीतर
से निकलल बाड़न, बाकी असली में उ हमनी के ना हवन,
काहेंकि अगर उ सच में हमनी के रहितन, तऽ हमनी के साथे
रहितन। बाकी उ हमनी के छोड़ि गइलन, कि उ ई देखा
सकसु, कि उनका में से केहू भी, असल में हमनी के ना हऽ।
20बाकी तोहार तऽ ओह परम पवित्र, आत्मा के जरिए,
अभिषेक करवलन। एह से, तू सब सच्चाई के जानत बाड़ऽ।
21हम तहरा के एह खातिर नइखीं लिखले, कि तू सच्चाई के
नइखऽ जानत? बल्कि तू तऽ उनका के जानत बाड़ऽ अउर
एह खातिर भी, कि सच से कवनो झूठ ना निकलेला।
22बाकी जे ई कहेला, कि यीशु मसीह नइखन, उ झूठा
बा। अइसन आदमी मसीह के शत्रु हऽ। उ तऽ पिता अउर
पुत्र, दूनो के नकारत बा। 23उ जे पुत्र के नकारत बा, ओकरा
पास पिता भी नइखन, बाकी जे पुत्र के मानत बा, उ पिता
के भी मानत बा।
24जहाँ तक तोहार बात बा, तू अनादि समय से जवन
सुनले बाड़ऽ, ओकरा के अपना भीतर बनवले राखऽ। जवन
तू अनादि समय से सुनले बाड़ऽ, अगर तहरा में बनल रहत
बा, तऽ तू पुत्र अउर पिता, दूनो में मौजूद रहबऽ। 25उ हमनी
के अनंत जीवन देबे के बचन दिहले बाड़न।
26हम, ई सब बात, तहरा के ओह लोगन के बारे में लिख
रहल बानी, जे तहरा के छले के कोशिश कर रहल बाड़न।
27बाकी जहाँ तक तोहार बात बा, तहरा में तऽ ओह परम
पवित्र से हासिल अभिषेक मौजूद बा, एह से तहरा तऽ जरूरते
नइखे, कि तहरा के केहू उपदेश देबे, बल्कि तहरा के तऽ उ
आत्मा, जेकरा से उ परम पवित्र तोहार अभिषेक कइले बीया,
तहरा के सब कुछ सिखावेले। (अउर याद राखऽ, उहे सच बा,
उ झूठ नइखे।) उ तहरा के जइसे सिखवले बाड़न, तू मसीह
में ओइसहीं बनल रहऽ।
28एह से प्यारा बच्चा लोग, उनके में बनल रहऽ, कि जब
हमनी के उनकर ज्ञान होखे, तऽ हमनी के आत्मविश्वास पा
सकीं जा। अउर उनका फेरु आवे के समय, हमनी के लजाये
के ना पड़े। 29अउर तू ई जानत बाड़ऽ, कि उ नेक बा, तऽ तू
इहो जानि लऽ कि उ, जे धार्मिकता पर चलेला, परमेश्वर के
ही सन्तान हऽ।

## हमनी के परमेश्वर के सन्तान हईं जा

3 1बिचार करि के देखऽ, कि परम पिता हमनी पर केतना
बड़हन प्रेम देखवले बाड़न! जवना से कि, हमनी के
उनकर पुत्र-पुत्री कहा सकीं जा अउर सही में हमनी के बानी
जा। एह से संसार हमनी के नइखे पहिचानत, काहेंकि, उ
मसीह के नइखे पहिचानत। 2हे प्यारा मित्र लोग, अब हमनी
के परमेश्वर के सन्तान बानी जा, बाकी भविष्य में हमनी के
का होखब जा, अभी तक एकर बोध नइखे करावल गइल।
जवन भी होखे, हमनी के ई जानत बानी जा कि, मसीह
के फेरु से परगट भइला पर, हमनी के उनके जइसन हो
जाइब जा, काहेंकि उ जइसन बाड़न, हमनी के उनका के
ठीक ओइसहीं देखब जा। 3हर केहू जे उनका पर अइसन
आशा राखेला, उ अपने आपके ओइसहीं पवित्र करेला, जइसे
मसीह पवित्र बाड़न।
4जे केहू पाप करेला, उ परमेश्वर के नियम के तोड़ेला,
काहेंकि नियम के तोड़ल ही पाप हऽ। 5तू तऽ जानते बाड़ऽ,
कि मसीह, लोगन के पाप हरन के खातिर, परगट भइल
बाड़न अउर इहो, कि उनका में कवनो पाप नइखे। 6जे केहू
मसीह में बनल रहेला, पाप ना करत रहेला, अउर हर केहू जे
पाप करत रहेला, उ ना, तऽ उनकर दरसन कइले बा, अउर
ना ही उ कबो उनका के समुझले बा।

7हे प्यारा बच्चा लोग, तू कहीं ठगल मति जा। उ जे धर्म के
साथ बेवहार करेला, धर्मी हऽ। ठीक ओइसहीं जइसे मसीह
धर्मी हवन। 8उ, जे पाप करते रहेला, शैतान के हऽ, काहेंकि
शैतान अनादि समय से पाप करत चलल आवता। एह से
परमेश्वर के पुत्र परगट भइलन कि, उ शैतान के काम के
नष्ट करि देसु।

9जे परमेश्वर के सन्तान बनि गइल, पाप ना करेला,
काहेंकि उनकर बीज तऽ ओकरे में रहेला। एह से उ पाप
करत ना रहि सकेला, काहेंकि उ परमेश्वर के संतान बनि
चुकल बा। 10परमेश्वर के संतान के हऽ? अउर शैतान के
बच्चा कवन हवेसऽ? तू उनका के एह तरह जानि सकेलऽ:
हरेक उ आदमी, जे धर्म पर ना चले, अउर अपना भाई के प्रेम
ना करेला, परमेश्वर के ना हऽ।

## एक दूसरा के साथ प्रेम से रहऽ

11ई उपदेश तू शुरू से ही सुनले बाड़ऽ, कि हमनी के आपस
में प्रेम राखे के चाहीं। 12हमनी के कैन [a] के जइसन ना बने
के चाहीं जे ओह दुष्ट आत्मा से जुड़ल रहे, अउर जे अपना
भाई के हत्या कर दिहले रहे। उ अपना भाई के, भला काहें
मारि दिहलस? उ, अइसन एह से कइलस, कि ओकर काम
खराब रहे, जबकि ओकर भाई के काम धार्मिकता के रहे।

13हे भाई लोग, अगर संसार तहरा से नफरत करत बा, तऽ
अचरज मति करऽ। 14हमनी के पता बा, कि हमनी के मौत के
पार जीवन में आ पहुँचल बानी जा, काहेंकि, हमनी के आपन
भाई सब से प्रेम करेनी जा। जे प्रेम ना करे, उ मौत में स्थित
बा। 15हरेक आदमी, जे अपना भाई से नफरत करेला, हत्यारा
बा, अउर तू तऽ जानते बाड़ऽ, कि कवनो हत्यारा आपन
संपति के रूप में, अनन्त जीवन के ना राखेला।

16मसीह हमनी खातिर, आपन जीवन तेयाग दिहलन।
एहि से हमनी के जानत बानी जा, कि प्रेम का हऽ? हमनी
के भी आपन भाई सब खातिर, आपन जान नेछावर करि देबे
के चाहीं। 17एह से जेकरा पास भौतिक बइभव बा, अउर जे
अपना भाई के अभाव में देखि के भी ओकरा पर दया ना करे,
ओकरा में परमेश्वर के प्रेम बा-ई कइसे कहल जा सकत
बा? 18हे प्यारा बच्चा लोग, हमनी के प्रेम, बस शब्द अउर
बाते तक ना रहे के चाहीं, बल्कि उ कर्म करेवाला अउर
सच्चा होखे के चाहीं।

19एही से हमनी के जान लेब जा, कि हमनी के सच के
बानी जा, अउर परमेश्वर के आगे, आपन हृदय के दिलासा
दे सकबि जा। 20गलत काम खातिर, हमनी के मन जब भी
हमनी के मना करेला, तऽ ई एह से होखेला, कि परमेश्वर
हमनी के मन से बड़ा बाड़न, अउर उ सब कुछ जानेलन।

21हे प्यारा बच्चा लोग, अगर कवनो गलत काम करे के
समय, हमनी के मन, हमनी के दोषी मानत बा, तऽ परमेश्वर
के सामने, हमनी के विश्वास बनल रहेला। 22अउर जवन
कुछ हमनी के उनका से मांगेनी जा, ओकरा के पावेनी जा।
काहेंकि हमनी के उनका आदेश पर, चलि रहल बानी जा,
अउर ओही बात के करि रहल बानी जा, जवन उनका पसंद
आवेला। 23उनकर आदेश बा कि: हमनी के, उनकर पुत्र
यीशु मसीह के नाम में, विश्वास राखीं जा, अउर जइसन
कि उ हमनी के आदेश दिहले बाड़न, हमनी के एक दूसरा
से प्रेम करीं जा। 24जे उनकर आदेश के मानेला, उ उनके में
बनल रहेला। अउर ओकरा में परमेश्वर के निवास रहेला।
एह तरह से, ओह आत्मा के जरिए, जेकरा के परमेश्वर हमनी
के दिहले बाड़न, हमनी के ई जानत बानी जा, कि हमनी के
भीतर परमेश्वर रहेलन।

## झूठा उपदेशकन से सावधान रहऽ

4 1हे प्यारा मित्र लोग, हरेक आत्मा के विश्वास मति
करऽ बल्कि हमेशा उनका के जाँचऽ, कि का उ
परमात्मा के हवन? ई, हम तहरा के एह से कह रहल बानी,
काहेंकि बहुत झूठा नबी, संसार में फइलल बाड़े। 2परमेश्वर
के आत्मा के, तू एह तरह से पहिचान सकेलऽ: हर उ आत्मा,
जे ई मानेले कि, ‘‘यीशु मसीह मनुष्य के रूप में धरती पर
आइल बाड़े।” उ परमेश्वर के ओर से बा। 3अउर हरेक उ
आत्मा, जे यीशु के ना माने, परमेश्वर के ओर से नइखे।
अइसन आदमी तऽ, मसीह के दुश्मन हवन, जेकरा बारे में
तू सुनले बाड़ऽ, कि उ आ रहल बा, बल्कि अब तऽ उ एह
संसार में ही बा।

4हे प्यारा बच्चा लोग, तू परमेश्वर के हवऽ। एह से, तू
मसीह के दुश्मन सब पर, विजय पा लिहले बाड़ऽ। काहेंकि
उ परमेश्वर, जे तहरा में बाड़े, संसार मे रहे वाला शैतान से,
महान बाड़न। 5उ मसीह के विरोधी लोग, सांसारिक हवन।
एह से उ जवन कुछ बोलेलन, उ सांसारिक हऽ, अउर संसारे
उनकर सुनेला। 6बाकी हमनी के परमेश्वर के हईं जा, एह
से जे परमेश्वर के जानेला, हमनी के सुनेला। बाकी जे एह
से जे परमेश्वर के ना हऽ, उ हमनी के ना सुनेला। एह तरह
से, हमनी के सच्चाई के आत्मा के, अउर लोगन के भटकावे
वाली आत्मा के, पहिचान सकेनी जा।

## प्रेम, परमेश्वर से मिलेला

7हे प्यारा साथी लोग, हमनी के आपस में प्रेम करीं जा।
काहेंकि, प्रेम परमेश्वर से मिलेला, अउर हर केहू जे प्रेम
करेला, उ परमेश्वर के संतान बनि गइल बा, अउर परमेश्वर

---

[a] ***3.12* कैन** कैन अउर अबेल, आदम अउर हब्बा के पुत्र रहलन। कैन अबेल से जरत रहे, एह से उ, ओकरा मारि दिहलस। देखीं उत्पत्ति 4:1–16

के जानत बा। 8उ जे प्रेम ना करेला, परमेश्वर के नइखे जानि
पवले। काहेंकि परमेश्वर ही प्रेम हवन। 9परमेश्वर आपन
प्रेम, एह तरह से देखवले बाड़न: उ आपन इकलौता पुत्र के,
एह संसार में भेजलन, कि हमनी के उनका पुत्र के जरिए,
जीवन पा सकीं जा। 10सच्चा प्रेम एह में नइखे, कि हमनी
के परमेश्वर से प्रेम कइले बानी जा, बल्कि एकरा में बा,
कि एगो अइसन बलिदान के रूप में, जे हमनी के पाप के
लेत बा, उ आपन पुत्र के भेजि के, हमनी खातिर आपन प्रेम
देखवले बाड़न।

11हे प्यारा साथी लोग, अगर परमेश्वर, एह तरह से हमनी
पर आपन प्रेम देखवले बाड़न, तऽ, हमनी के भी, एक दोसरा
से प्रेम करे के चाहीं। 12परमेश्वर के केहू कबो नइखे देखले,
बाकी अगर हमनी के आपस में प्रेम करत बानी जा, तऽ
परमेश्वर हमनी में बास करेलन, अउर उनकर प्रेम, हमनी के
भीतर पूरा हो जाला।

13एह तरह से हमनी के जान सकत बानी जा, कि
हमनी के परमेश्वर में ही निवास करेनी जा, अउर उ हमनी
के भीतर रहेलन। काहेंकि उ, आपन आत्मा के कुछ अंश
हमनी के दिहले बाड़न। 14एकरा के हमनी के देखले बानी
जा, अउर हमनी के एकर साक्षी बानी जा, कि परमपिता,
जगत के उद्धारकर्ता के रूप में, आपन पुत्र के भेजले बाड़न।
15अगर केहू ई मानत बा, कि, "यीशु परमेश्वर के पुत्र हवन,"
तऽ परमेश्वर, ओकरा में निवास करेलन, अउर उ परमेश्वर
में रहे लागेला। 16एह से हमनी के जानत बानी जा, कि हमनी
के आपन विश्वास, ओह प्रेम पर टिकवले बानी जा, जवन
परमेश्वर में हमनी खातिर बा।

परमेश्वर, प्रेम हवन अउर जे प्रेम में स्थित रहेला, उ
परमेश्वर में स्थित रहेला, अउर परमेश्वर, ओकरा में स्थित
रहेलन। 17हमनी के बारे में एही रूप में प्रेम साबित भइल
बा, जवना से कि न्याय के दिन, हमनी में विश्वास बनल
रहे। हमनी के ई विश्वास एह से बनल बा, कि हमनी के
एह संसार में, जवन जीवन जी रहल बानी जा, उ मसीह के
जीवन जइसन बा। 18प्रेम में कवनो डर ना होखेला, बल्कि
पूर्ण प्रेम, भय के भगा देबेला। डर के संबंध तऽ दंड से बा।
एह से जेकरा में भय बा, ओकरा प्रेम के अभी तक पूर्णता
नइखे मिलल।

19हमनी के प्रेम करेनी जा, काहेंकि पहिले परमेश्वर,
हमनी के प्रेम कइले बाड़न। 20अगर केहू कहत बा, कि, "हम
परमेश्वर के प्रेम करेनी," अउर अपना भाई से नफरत करेला,
तऽ उ झूठा बा। काहेंकि, आपन ओह भाई के, जेकरा के उ
देखले बा, जब उ प्रेम नइखे करत, तऽ परमेश्वर के, जेकरा
के उ देखलहीं नइखे, उ प्रेम नइखे करि सकत। 21मसीह से
हमनी के ई आग्या मिलल बा। उ जे परमेश्वर से प्रेम करत
बा, ओकरा अपना भाई से भी प्रेम करे के चाहीं।

## परमेश्वर के संतान, संसार पर विजय पावेला

5 1जे केहू ई विश्वास करेला, कि यीशु मसीह बाड़न, उ
परमेश्वर के संतान बनि जाला, अउर जे केहू परम पिता
से प्रेम करेला, उ उनका संतान से भी प्रेम करी। 2एह तरह
से, जब हमनी के, परमेश्वर से प्रेम करेनी जा, अउर उनकर
आदेश के पालन करेनी जा, तब हमनी के जान लेबेनी जा,
कि हमनी परमेश्वर के संतान से, प्रेम करेनी जा। 3उनकर
आदेश के पालन करत, हमनी के ई देखावेनी जा, कि हमनी
के परमेश्वर से प्रेम करेनी जा। उनकर आग्या, बहुत ज्यादा
कड़ा नइखे। 4काहेंकि जे केहू परमेश्वर के संतान बनि जाला,
उ संसार पर विजय पा लेबेला, अउर संसार के उपर हमनी
के, जवना से विजय मिलल बीया, उ बा हमनी के विश्वास।
5जे ई विश्वास करेला, कि यीशु परमेश्वर के पुत्र हवन उहे
संसार पर विजयी होखेला।

## परमेश्वर के बचन: अपना पुत्र के बारे में

6उ यीशु मसीह ही बाड़े, जे हमनी के पास, जल अउर लहू
के साथ अइलन। सिर्फ जल के साथ ना, बल्कि जल अउर
लहू के साथ। अउर उ, आत्मा हऽ, जवन कि उनकर साक्षी
देबेले, काहेंकि आत्मा ही सच बीया। 7साक्षी देबे वाला तीन
गो बाड़े। 8आत्मा, जल अउर लहू, अउर ई तीनो साक्षी, एके
गो साक्षी देके, आपस में सहमत बाड़न।

9जब हमनी के मनुष्य के दिहल साक्षी के मानत बानी
जा, तऽ परमेश्वर के दिहल गइल साक्षी, तऽ अउर बेसी
कीमती बीया। परमेश्वर के साक्षी के महत्व एकरा में बा,
कि अपना पुत्र के विषय में, साक्षी उ दिहले बाड़न। 10उ,
जे परमेश्वर के पुत्र में विश्वास राखत बा, उ अपना भीतर
ओह साक्षी के राखत बा। परमेश्वर जवन कहले बाड़न,
ओकरा पर जे विश्वास ना राखेला, उ परमेश्वर के झूठा
बनावेला। काहेंकि उ, ओह साक्षी के विश्वास नइखे कइले,
जवन कि परमेश्वर, अपना पुत्र के बारे में दिहले बाड़न।
11अउर उ साक्षी ई बीया: परमेश्वर हमनी के अनंत जीवन
दिहले बाड़न, अउर उ जीवन, उनका पुत्र में मिलेला। 12उ,
जे उनका पुत्र के धारन करेला, उ, ओह जीवन के धारन
करेला। बाकी जेकरा पास परमेश्वर के पुत्र नइखे, ओकरा
पास उ जीवन भी नइखे।

## अब अनन्त जीवन हमनी के बा

13परमेश्वर में विश्वास राखे वाला लोग, तहरा के ई बात
हम, एह से लिख रहल बानी, जवना से कि तू, ई जान लऽ,
कि अनन्त जीवन तहरा पास बा। 14हमनी के, परमेश्वर में ई
विश्वास बा, कि अगर हमनी के, उनका मरजी के मुताबिक,
उनका से विनती करीं जा, तऽ उ हमनी के सुनेलन 15अउर
जब हमनी के ई जानत बानी जा, कि उ हमनी के सुनेलन,

चाहे उनका से हमनी के कुछउ मांगीं जा, तऽ हमनी के इहो जानत बानी जा कि, जवन हमनी के मंगले बानी जा, उ हमनी के हो गइल बा।
16अगर केहू देखत बा, कि ओकर भाई कवनो अइसन पाप कर रहल बा, जेकर नतीजा अनन्त मौत नइखे, तऽ ओकरा अपना भाई खातिर, प्रार्थना करे के चाहीं। परमेश्वर ओकरा के जीवन दिहें। हम उनका खातिर, जीवन के बारे में बात कर रहल बानी, जे अइसन पाप में लागल बाड़े, जे उनका के अनन्त मौत तक ना पहुँचाई। अइसन पाप भी होखेला, जेकर फल मौत होखेला। हम तहरा से, अइसन पाप के बारे में विनती करे के नइखीं कहत। 17सब गलत काम पाप होखेला। बाकी अइसन पाप भी होखेला, जवन की मौत के ओर ना ले जाला।

18हमनी के जानत बानी जा, कि जे केहू परमेश्वर के पुत्र बनि गइल, उ पाप ना करत रहेला। बल्कि परमेश्वर के पुत्र ओकर रक्षा करत रहेलन। [a]उ दुष्ट, ओकर कुछउ ना बिगाड़
पावेला। 19हमनी के जानत बानी जा, कि हमनी के परमेश्वर के हईं जा। हाँलाकि, ई पूरा संसार, ओह दुष्ट के बस में बा।
20बाकी हमनी के मालूम बा, कि परमेश्वर के पुत्र आ गइल बाड़न, अउर उ हमनी के ज्ञान दिहले बाड़न, जे कि हमनी के ओह परमेश्वर के जानि लिहीं जा, जवन कि सच बा। अउर ई, कि हमनी के ओही में स्थित बानी जा, जवन कि सच बा, काहेंकि, हमनी के उनकर पुत्र यीशु मसीह में स्थिर बानी जा। परम पिता ही सच्चा परमेश्वर हवन, अउर उहे अनन्त
जीवन हवन। 21हे बच्चा लोग, अपने आप के झूठा देवता सब से दूर राखऽ।

[a] ***5.18* बल्कि … रहेलन** शाब्दिक मतलब, “जवन परमेश्वर से पैदा भइल, ओकरा के उ बचवले रहेला।” चाहे “अपने आप के बचवले रहेला।”